# Ministrler Keńesiniń Baslıǵı gezektegi jeke qabıllawın ótkerdi

Image not found or type unknown

Elimizde xalıqtıń jasaw sharayatın jaqsılaw,  puqaralarǵa qolaylı imkaniyatlar jaratıw, olardıń turmısınan kewilli jasawın támiyinlew menen birge mashqalalardıń hár tárepleme úyreniw hám onı nátiyjeli saplastırıw baslı máselege aylanǵan.

Image not found or type unknown

Búgin Ministrler Keńesiniń Baslıǵı gezektegi jeke qabıllawın ótkerdi. Onda hár qıylı mashqalalar menen kelgen puqaralardıń múrájatları juwapkerler qatnasında tıńlandı hám talqılandı. Atap aytqanda jer ajıratıw hám kredit alıw, kredit ajıratılıwında ushırasıp atırǵan mashqalalar, materiallıq járdem boyınsha múrájatlar Ministrler Keńesiniń Baslıǵı tárepinen kórip shıǵıldı. Bildirilgen múrájatlar boyınsha tiyisli taraw qánigelerinen maǵlıwmatlar alınıp,  hár tárepleme tallaw jasaldı hám unamlı sheshim qabıl etildi.

Image not found or type unknown

QR Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti